



Pou Piblikasyon Imedya: 13/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO RAPLE MOUN NEW YORK YO KE KA GRIP YO KONTINYE OGMANTE, ALÒSKE YO PREVWA POU SEZON GRIP LA BAT NIVO REKÒ KI ELVE

Eta a Obsève Dezyèm Nivo Ka Grip pa Semèn ki Pi Elve pandan Dènye 20 Ane yo pandan Sezón Grip la Toujou Pa Ko Rive nan Nivo ki Pi Wo li

Yo Te Rapòte 11èm Semèn Grip Konsekitif la Lajman nan Eta New York

Jwenn Kote Ou Ka Pran Vaksen kont Grip Toupre Lakay ou [isit la](#), epi Swiv Ka Grip yo nan Zòn Ou an [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te raple tout Moun New York jodi a pou pran prekosyon yo rekòmande yo pou pwoteje tèt yo kont grip la akoz yo te pibliye nouvo chif jodi a ki montre aktivite grip la toujou pa ko atenn nivo ki pi wo li pou sezon sa. Yo prevwa pou ka grip yo nan New York sezon sa bat nivo rekò ki elve depi Depatman Sante (Department of Health) Eta New York te kòmanse swiv ka grip yo pandan sezon 1998-99 la.

"Pliske sezon grip la pako rive nan nivo ki pi wo a atravè New York, mwen ankouraje tout moun pou rete vijilan epi pran prekosyon ki senp pou pwoteje tèt yo ak fanmi yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen ankouraje tout Moun New York ki gen plis pase si mwa pou pran vaksen kont grip yo, - li pa twò ta."

Dènye rapò kontwòl grip pou semèn ki fini 8 fevriye a montre aktivite grip sezonye a kontinye pwopaje atravè Eta New York pou onzyèm semèn konsekitif. Jan li endike nan rapò a, te genyen 17,233 ka grip ki konfime nan laboratwa ki rapòte bay Depatman Sante Eta a, dezyèm total pa semèn ki pi wo depi sezon grip 1998-1999 la. Pifò ka grip ki konfime nan laboratwa yo ki te rapòte pandan yon sèl semèn nan yon sezon grip se te 18,252 nan ane 2017-18. Te gen yon total 106,824 ka laboratwa konfime ki te rapòte sezon sa a nan Eta New York kote gen twa lanmò pedyatrik ki asosye ak grip la. Semèn pase, a gen 1,993 Nouyòkè ki te ospitalize ak grip (influenza) laboratwa konfime. Jiska prezan nan sezon sa a, te gen 15,541 ospitalizasyon ki gen rapò ak grip.

Enfòmasyon sou aktivite grip la disponib sou [Swivi Grip Eta New York \(New York State Flu Tracker\)](#). Trakè Grip la se yon tablodbò sou Konektè Sante Eta New York (New York State Health Connector) ki bay enfòmasyon alè sou aktivite lokal, rejyonal ak nan tout eta a ki gen grip (influenza) a. Sezón grip la rive prensipalman apati mwa oktòb rive nan mwa me, epi sezón 2019-20 an poko rive nan nivo ki pi wo li.

Komisè Depatman Sante a, Doktè Howard Zucker te deklare, "Byenke aktivite a pi entans ke dabitid sezon sa e li pa ko rive nan nivo ki pi wo a, lè n pran mezi prevantif tankou lave men yo souven, kouvri yon tous oubyen etèniman ak men ou, epi rete lakay ou lè w eksperimante sentòm ki tankou grip, sa ap ede prevni pwopagasyon grip la".

Nan dat 3 janvyè, Depatman Sante a te emèt yon avi sante ki alète pwofesyonèl swen sante yo sou ogmantasyon dramatik aktivite grip la atravè Eta New York.

Depatman Sante Eta a rekòmande epi ankouraje pou tout moun ki gen laj sis mwa oswa ki pi gran pou resevwa yon vaksen kont grip (influenza). Anplis, mezi prevansyon chak jou ka ede kanpe pwopagasyon grip ak lòt viris respiratwa yo:

- Lave men ou souvan ak savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Si pa gen savon ak dlo ki disponib, itilize dezenfektan pou men ki abaz alkòl.
- Évite touche je, nen ak bouch ou avèk men ki pa lave.
- Évite kontak pre ak moun ki malad.
- Rete lakay ou lè ou malad.
- Kouvri tous ak etèniman ou ak yon papyè, apre sa jete papyè a nan poubèl.
- Netwaye epi dezenfekte objè ak sifas ou touche souvan.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou grip la nan Eta New York, vizite [paj](#) wèb Depatman Sante a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)